Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 14 (7463)
24 Март
АрбагI
2021 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багъа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Коронавирус - вакцинация

## Нуж гIакълу цебе ккезабизе ахIула!

22 марталда районалъул администрациялъул актовияб залалда тIобитIана коронавирусалъул унтуда ва гьелда данде вакцинация гьабиялда хурхараб суалгун данделъи. Гьеб бачана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас, гIахьаллъана администрациялъул хIалтIухъаби, жамгIияб Палатаялъул, районалъул депутатазул Собраниялъул, Унсоколо ЦРБялъул, ДГМАялъул вакилзаби, школазул директорал, школалъул гIумроялде рахинчIел лъималазул учреждениязул нухмалъулел ва гIемерал цогидалги.

Данделъи рагьулаго ГI. НурмухIамадовас абуна Унсоколо районалда цогидазда дандеккун цIикIкIун бичIчIулин коронавирусалъул бугеб захIмалъиги хIинкъиги. «Нилъеца хIехьана гьеб унтул кIиго карачел, гьелъул хIасилалда рукIана гIемерал унтарал ва хварал. Жакъа вакцинация гьабиялда хурхун абуни нилъ руго нахъа хутIун республикаялдаго дандеккун босани. Дица бичIчIизабуна нижер дагьаб батIияб минталитет бугин, нижер гIадамазе бокьуларин лъималазе гьадингоялцин привывкаби гьаризе, гьеб гьабизабизеги нилъер ихтияр гьечIо, щайгурелъул гьеб буго жидеего бокьун гьабулеб иш. Амма дие цIакъ бокьилаан гIадамазда гьелъул бугеб кIвар бичIчIани – гьеб буго жалго цIакъго хIинкъи бугеб унтудаса цIуни. Гьелъ унтун рукIаразда бичIчIула гьедин гьабиялъул бугеб кIвар»,-ян абуна бетIерас.

Коронавирусалъул районалда бугеб хIалалъул, гьелъ кьурал хIасилазул бицун данделъиялда кIалъана ЦРБялъул бетIерай врач ГI. МухIамадова. Гьелъ абуна: - бищунго захIматго ковид унтиялъ унтула 60-70 сонил гIумроялда ругел гIадамал. Сунда гьеб бараб бугебали жеги лъалеб гьечIо.



«Мусоралъул ящикалъухъ» - Интерneталъухъ гIенеккуге!

Амма гIицIго гьеб категориялъул гIадамазул букIуна кьаралъиялъул, чакаралъул диабеталъул, давление бахиналъул, рекIелгун бидурихьазул унти букIиналъул хIужаби. Бищун цебе гьезда гьабизеги ккола вакцинация,-ян тIадчIей гьабуна гьелъ. ГI. МухIамадовалъ гьел ахIана кIвар букIиналъухъги балагьун вакцинация гьабизе рачIа, тIоцебесеб иргаялда,-абун!

«Дица гIайиб гьабуларо вакцинация гьабизе бокьуларого ругел гIадамазда. Жакъа нилъеда тIаде чIехьолеб буго кIудияб чваххи квешаб рахъалъул информация. ГIадамал рихахочун руго, гьел божулел гьечIо вакцинациялда, хIинкъулел руго гьелъ захIмалъиялде рачиналда. КIинусгогIан чиясе вакцинация гьабурай гIадан хIисабалда абулеб буго нужеда, гьечIо гьелъул кинаб букIаниги захIматаб реакция. Щибго хIал хисичIо 80 сон барал гIадамазулцин. РукIине бегьула дагьалго побочниял эффектал. Гьел рукIуна бокьарал привывкабазул киналго улкабазда. Амма нилъеда бичIчIизе ккола гIисибикьинал жалазухъ балагьун унтуда дандечIей гьаби тезе бегьунгутIи. Нилъеда лъаларелъул лъица кин унти хIехьелебали»,-ян божизе ахIана ГI. МухIамадовалъ.

«Мусоралъул ящик» - Интетнеталъухъ гIенеккичIого рукIине ахIана ДГМАялъул педиатриялъул кафедраялъул зав. М. Исрапиловас жиндирго кIалъаялда. Гьес бихьизабуна вакцинациялъ дуняладаго вирус чIезабизе рес бугилан. ГIемерисез абулеб буго исламалъул къанунazда данде кколарин вакцинация гьаби. Кибха нилъер диналда гьедин хъван бугеб? Цо хIужагIаги бихьизабе исламалда жаниб гьеб гьукъараб? Щай гIадамал гьедин интернеталда божулел, врачазул хIужабаздаги божичIого. Киназдаго лъалагури гIадамаз коронавирус захIматго хIехьараб куц. Гьеб гIицIго пневмания гуро! Гьеб буго гьуърузул тромбоз, гьеб сах гьабизеги цIакъ захIмат буго. БагIараб зонаялда хIалтIулаго 45 дагъистаналъул врач хвана. БичIчIа нужеда, гьеб цIакъ кIвар бугеб иш буго!. У, вакцинация бокьун гьабулеб иш буго, амма бугеб хIалги кьолел хIасилалги бетIер хIалтIулев чиясда бичIчIизе ккола,-ян тIадчIей гьабуна М. Исрапиловас.

Гьединго вакцинация гьабизе ахIун кIалъана ДГМАялъул студентал. Гьез бихьизабуна вакцинация гьабизе кколин киназго, букIине бегьулин гIиси-бикьинал жал, амма гьабсагIат гьелъухъ балагьун чIезе рес гьечIин. Гьеб гьабуни кIиго соналъ антителаби рукIунин.

ЗахIматаб къагIидаялъ ковидалъ унтарав М. Юсуповас абуна: «Лъиданиги лъаларо кин жинца ковид хIехьелебали. Дица цIунана гьелда данде киналго рахъал, амма унтана захIматго. Дун вахъана гьелъ унтун хадув. I00 нухалъ вакцина гьабун лъикI гьеб хIехьезегIан. Гьеб буго цIакъ захIматаб унти. Дица киналго ахIула нуж вакцинация гьабизе, тIокIаб батIияб нух нилъее хутIун гьечIолъиги бичIчIун!

## Аппараталъулаб данделъи



Гьал къоязда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь букIана аппараталъулаб данделъи. Гьенир гьоркьор лъуна районалда хурхарал кIвар бугел суалал ва захIмалъаби. Бицана налогал ракIариялъул, цIиял объектал раялъул, росабазул ччукIулел бакIазул, школазда хинаб квен кьеялъул, лъел суалал тIураялъул ва цогидабги. «ЦIикIкIараб хIалтIи бугин цебе транспорталъул налогал ракIариялъул»,-ян бихьизабуна бетIерас. – Гьеб унеб буго, амма хIасилаз гьедигIанго рохизарулел гьечIо. Гьал къоязда гьеб суалалда хурхун хIалтIул группаялъул данделъи букIана администрациялда, гьенибго цебе лъуна хадубккун хIалтIи гьабиялъул планги.

ТIадчIей гьабуна лъай кьеялъул суалазда. БетIерасул зам. ГI-М. МухIамадовас бихьизабуна ЕГЭ ва ОГЭ кьеялъе хIадурлъиялъул хIалтIаби унел ругин. Гьенибго ГI. НурмухIамадовас кIвар буссинабуна школазда лъималазе хинаб квен кьеялъул ва качественнияб рахъ чIезабиялъул суалазде. «Лъималазе щвезе ккола качественниял продуктабазул квен ва бацIцIадаб лъим»,-ян тIадчIей гьабуна бетIерас.

Гьенибго саназде рахинчIел лъималазда гьоркьоб гьабулеб бугеб хIалтIул бицана гьеб суалалда хурхун вед. специалист П. МухIамадовалъ. Гьелъ абуна списокал гьарун ругин захIматал лъимал ругел хъизаназул ва кумек хIажатазул,-абун.

БетIер ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна лъималазда гьоркьоб гьабулеб хIалтIи цIакъго кIвар бугеб бугилан. «Нилъер цадахъаб унти буго лъималазе финансовияб кумек гьаби; лъабго-ункъго лъимер бугел гIадамазе - 8-I0 азарго гъурущ гIарцул щолеб бугони, кинха гьезул хIал лъикI букIинеб? Гьединаб мехалъ нилъ нахъегIан чIезе бегьуларо. Килищ унтун бугони гьелъ черхго унтизабула. Нилъер лъималазе лъикI гьечIони, нилъееги лъикI букIунаро. ХIажат буго бихьулеб къадаралда лъималазе кумек гьабизе»,-ян бихьизабуна бетIерас.

Гьес ракIалде щвезаруна ччукIулел бакIазда гIумро гьабулезул бугеб захIматаб хIалги. Гьеб рахъалъги хIаракатаб хIалтIи гьабулеб бугин бихьизабуна.

Рорхана жеги гIемерал суалал ва гьел тIураялъе кколезе кьуна тIадкъаял.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 14 (7463)
АрбагI
24 Март 2021 сон



ХIалтIуе квер камилай,
Каранда ракI гIатIидай,
ГIаданлъигун яхI-намус
ГIодобе рехуларей.

ХIажаталъуй ятулей,
Таралъуй пайдалъулей,
Кверазда баркат бугей
Гъайбатай магIарулай!



# МагIарулай

ДАССР гIуцIаралдаса - 100 сон

# «БатIияса букIине ресго букIинчIо»





**Сураталда:** Н. Сотниткова

Рарал саназул захIматалъул къиматги гьабун хадуб гIун рачIунез адаб-хатир гьабизе бокьула нилъее. Гьелъ кIоченабула бихьараб захIмат, тIамураб гIумроялъул кьогIлъи, бичIчIула гIумро гIадада ун гьечIолъи. Жакъа районалъул нухмалъиялъул жавабиял гIадамалги рачIун 8 Марталъул байрам баркана СалихIатида, бицана париялъул саназул хIалтIул рукIарал хаслъабазул, нахъа тараб захI-малъаби гIемераб гIумроялъул нухалъул, гIумро араб куцалъул. Гьелъ макьидаса борчIизабураб араб гIумроги ракIалде щун, рещалъараб моцIрол канлъухъе пикрабазде ккана гьай. ЦIияб Рихьуни росда цебе бугеб гIурччинхъахIилаб кьералъул лъадал хIор гьайбатаб дунялалъул бер гIадин кенчIолеб буго къаси моцIрол канлъухъе, сасараб лъадал гIодоре риччарал карачелаби къиматаб шелкалъул ххам гIадин паркъолеб буго, гьелъухъ ралагьизе данде руссарал гIадал мугIрул-щобал бецIлъухъеги ракIарун хIайранго ралагьун руго. Киналъухъго балагьун «Унго сардил берцинлъи, гIодобе биччай, къасде тIабигIаталъ рекIее кьолеб бугеб лазатаб асар. ГIумрудул санал рагIалде ракIаризегIан регIичIо гьайбатаб сардил сасараб берцинлъиялъухъ балагьизе»,-ян пикраби гьарулел рукIана СалихIатица.

Цере паркъана рагъул, гьелда хадусел санал, лъагIел барай жо СалихIатги тун КIудияб ВатIанияб рагъде ана эмен ХIусейнов Бадай. СалихIатида гьесул гьумерцин лъаларо, абадиялъего рагъул авлахъалда къанцана эмен. Гьанжего-гьанже галаби росулей СалихIатги гъотIокь гIодой чIезаюн чIаралаан эбелалъ хур, гьениса бачIараб гурони букIинчIо кваназе жо. Школалъул гIумроялде яхарайго рикIкIадаб Владикавказалдаса ячIарай гIолохъанай учительница Сотникова Нина Стефановна щвана бесдал хутIарай СалихIатие мугъчIвайлъунги божилъилъунги. Яс-эбелалъул гIадаб хIеренлъи букIунаан гьезул цоцадехун.

Лъавукъаб гIумроялда ругел магIарулазул доб заманалда рукIинчIо лъай бугел кадраби, школазде учительзаби ритIун рачIунаан гIурус ракьалдаса. Гьедин Дагъисталалде ритIун рачIарал учительзабазул цояй йикIана Сотникова Нина Стефановна. Унсоколо районалъул Рихьуни росулъ щуго соналъ цIализаруна гьелъ лъимал. Нинаца кьолаан физикагун математика. ГIурус мацIалъул ва литератураялъул учительницагун цадахъ магIарул росулъ цо рукъги ккун рукIана гьел. Гьезие бищунго захIматаблъун букIана гIисинал цIалдохъабазда гIурус мацI бичIчIизабизе. ГIолохъанал учительзабаз эркенаб заманалда жидехъего ахIулаан лъимал, кумек гьабулаан гьезда мацIгун дарсал ричIчIизариялъе.

Нина Стефановналъ ва кIиго гIурус мацIалъул учительзабаз тIалаб гьабизе жидехъего ячуна эбел-эмен гьечIого хутIарай СалихIат. Кинха жийго телей лъаялъухъ гIащикълъарай гьитIинай яс балагьизе чи гьечIого хутIун йикIинги бихьун. ГIурус ясаз къучI лъуна СалихIатилъ щулияб лъаялъе, гIаданлъиялъе ва букIинеселде божилъиялъе.

Щуго соналъ рихьундерил лъималазе лъайгун тарбия кьун ана Дагъисталалдаса Россиялдаса ячIарай учительница, цоцадаса ратIалъана Нина Стефановнаги СалихIатги. Байбихьуда букIана цоцаде кагътал ритIун бухьен, хадуб гьоркьоблъиялда гьеб гьоркьоб къотIана. Амма ракI-ракIалъ цоцада рухьаразул бухьен холаро. Нахъеги ракIаз цоцахъе ахIана гьел.

КIочонареб лъугьа-бахъин ккана дагьал церегIан саназдаса СалихIат Бадаевалъул гIумроялъулъ. Районалъул лъай кьеялъул отделалдасан гьелъухъе ахIун бачIана отделалде кагъат бачIун бугин Краснодар краялдаса Сотникова Нина Стефановна абулей, Дагъисталалда учительницалъул хIалтIарай гIаданалъ, гьелъ мун ялагьулей йигин. Гьадин хъвалеб буго гьеб кагъаталда:

«ХIурматиял пишацоял! Гьарула нужеда цIакъ дие хирияй, дир йикIарай цIалдохъан ялагьизе кумек гьабе,-ян. Ахирияб чанго сонида жаниб нижер бухьен билана. Гьей гIадан юхьарай йиго дир гIолохъанлъиялда. РакI лъикIай, гIакъилай ва гьитIинай ясалъ кумек гьабуна дие рикIкIадаб Дагъисталалъул Унсоколо районалъул Рихьуни росулъе йитIун хIалтIулеб мехалъ. Бадаева СалихIат цIалулей йикIана Рихьуни анкьо сонил школалда ва гьебги лъугIизабун цIализе ана Буйнакск шагьаралде. РакI унтун гьарула нужеда гьей ялагьизе дие кумек гьабеян. БитIулеб буго гьелъул суратги». Гьоркь бук1ана гьей гIаданалъул адресги.

Гьедин цоцада ратана Нинаги СалихIатги. С. Бадаевалъул хIакъалъулъ гIемераб рецц-бакъгун бицун бугоан Нина Стефановналъ жиндирго хIакъалъаби бакIалъулаб газеталда бахъараб «А иначе и быть не могло»,-абураб макъалаялдаги.

Гьелдаса хадуб тIечIо Ниналги СалихIатилги бухьен. Учительницаялъ рачIарал гIемерал кагътал ругоан СалихIатица цIунун. Гьелъул щибаб кагъат байбихьулеб бугоан «ЙорчIами хирияй, йокьулей, дир гIолохъанлъиялъул яс СалихIат»,-абун. ГIемер рихьичIо гIумроялда гьедин цоцазе ракIал кьурал гIадамал. Кагътазда бищунго хирияв гIадамаз гIадин гьез бицунеб буго жидерго бугел лъикIалъулги захIмалъабазулги. Гьанже гIицIго кагътал гурелги цоцазе посылкабиги ритIула гьез.

Дидаги лъикIго лъала Бадаева СалихIат КПССалъул райкомалда гьей хIалтIулей заманалда хIалтIулаб ишалъ гIемер цадахъ кколаан ниж. ГIамал гьитIинай, ракI аваданай СалихIат хехго гьудуллъун яхъунаан щивасул.

СалихIат Бадаева гьаюна I940 соналъул I6 октябралда Рихьуни росулъ. Лъалеб букIахъе гьеб заманалда улкаялда байбихьана КIудияб ВатIанияб рагъ. Росдал гIолохъабигун цадахъ ВатIан цIунизе ана эмен ХIусейнов Бадай, эбелалъ магIишат гьабуна колхозалъул магъилъ хIалтIун.

Школа лъугIун хадуб СалихIатица лъугIизабуна Буйнакск шагьаралъул руччабазул педучилище. ХIалтIана Рихьуни, Гъизилюрт, Комсомольск росабалъ байбихьул классазул учительницалъул. I975 соналдаса нахъе I997 соналде щвезегIан тIуразаруна партиялъулгун советиял хIалтIаби. Къокъго абуни, гьей йикIана партиялъул руччабазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул отделалъул заведующаялъун, хадуй районалъул киноседалъул директорлъун, районалъул исполнительнияб комитеталъул председателасул замлъул, райисполкомалъул социалияб рахъалъ гIадамал хьезариялъул отделалъул заведующаялъун.

ХIалтIулаго цадахъ цIалун гьелъ лъугIизабуна Дагъисталалъул пачалихъияб университеталъул гIурус ва авар мацIазул факультет, кидаго жигарай хIаракатчIужулъун йикIана общественниял хIалтIабазулъ.

Кинабго рахъалъ хIалтIулъ бихьизабураб мисалалъе гIоло СалихIат Бадаевалъе кьуна РСФСРалъул лъай кьеялъул министерствалъул ХIурматияб грамота, партиялъул райкомалъул ва райисполкомалъул грамотаби.

ГьасагIаталда СалихIат йиго мустахIикъаб хIалхьиялда. Яс Умал лъималазда лъун руго жиндирго рагъул майданалда хутIарав инсулги цIарал. Ума хIалтIулей йиго районалъул больницаялда хирургиялъул медсестралъун, гьелъул лъималазги тIаса бищана ракI-ракIалъ рокьулел махщелал. – Гьезие битIккеялъулъ буго дирги талихI,-ян абула гьанже СалихIатица.

Абула «чIор баккичIеб гъветIлъун чи хутIугеги»,-ян. СалихIатил буго гьудул-гьалмагълъиялъе, гьалбадерие, къокъго абуни гIадамазе рагьараб ракI, сахаватаб квер, гIемераб заманаялъ хIалтIана г1адамазе пайдаяйлъун ятизе бажарулел бакIазда, руго жиндирго ва инсул цIарал лъезе ясалъул лъимал, черхалъул сахлъи, хIалтIула рукъалъул магIишаталда, ахикь-бахчаялъуй. Къокъго абуни гIумро унеб буго захIматалда тIегьги бан.

Дой гIурус ясалъулго гIадин гьелъул гIумроялъулъги «БатIайиса букIине рес букIинчIо». СалихIат саназ кIоченчIо мугIрул лъималазе лъай кьезе ячIарай гIурус ясалда, тIечIо гьезулгун гьудуллъи, къадру-къиматалда рехсола гьелъул цIар районалдаги. Чиясул лъикIлъиялъухъ балагьун кьолелъулха гьесие къимат. ХадубккунгигIодобе бичараб гIумро гьарула, дуе СалихIат!

**Саният КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.
Районалъул «Ахихъан» газеталъул бетIерай редактор.**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№14 (7463)
Арбаг1
24 Март 2021 сон

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере



# Роспотребнадзор внес изменения в ограничительные меры по коронавирусу

В условиях снижения темпов прироста заболеваемости населения короновирусной инфекцией в нашей республике, Роспотребнадзор по РД снял некоторые ограничения и предложил соблюдение некоторых ограничительных мер при совершении богослужений и религиозных обрядов.

Так, на всех этапах развития эпидемиологической ситуации должны соблюдаться следующие общие условия:

- ограничение на участие в богослужениях, религиозных обрядах и церемониях, проводимых в помещениях религиозных организаций, лиц с высоким риском тяжелого течения COVID-19 (населения старше 65 лет, лиц, страдающих хроническими заболеваниями, в первую очередь, болезнями органов дыхания, сердечно-сосудистой системы, диабетом) и рекомендовать им проведение таких мероприятий на дому;
- обязательное ношение защитных масок лицами, посещающими религиозные организации;
- соблюдение мер дистанцирования (не менее 1,5 м между людьми) в помещениях и на территории религиозных организаций;
- регулярное проветривание помещений, использование устройств обеззараживания воздуха, обработка рук антисептиками, обработка предметов, используемых при совершении обрядов богослужений и др.

При этом Роспотребнадзор предлагает поэтапное снятие ограничительных мер в следующем порядке.

В случае ухудшения эпидситуации и возврата к первому этапу ограничительных мер в религиозных организациях площадью не более 400 кв.м., совершать богослужения с участием граждан при условии ограничения численности находящихся внутри (не более 1 человека на 4 кв.м.), площадью более 400 кв. м.- совершать богослужения при ограничении численности верующих, находящихся внутри, до 100 человек.

На втором этапе снятия ограничительных мер в религиозных организациях площадью не более 800 кв.м. совершать богослужения с участием граждан при условии ограничения численности находящихся внутри храма (не более 1 человека на 4 кв.м.), площадью более 800 кв.м. – совершать богослужения при ограничении численности верующих, находящихся внутри, до 200 человек.

На третьем этапе снятия ограничительных мер ограничения по числу присутствующих в помещениях религиозных организаций лиц не устанавливается при соблюдении общих обязательных условий, указанных в приложении к настоящему письму.

Независимо от этапа ограничительных мероприятий, не допускается посещение религиозных организаций, в которых выявлены случаи заболевания новой короновирусной инфекцией среди священнослужителей до завершения противоэпидемиологических мероприятий, включая проведение заключительной дезинфекции.

**Руководитель Роспотребнадзор по РД Н. Н. Павлов.**

# Приоритетный проект «Формирование комфортной городской среды»

Во исполнение поручения первого заместителя Председателя Правительства Республики Дагестан Б. Э. Эмеева сообщаем, что в целях проведения голосования по отбору общественных территорий, подлежащих благоустройству в рамках реализации муниципальных программ, Министерством строительства и жилищно – коммунального хозяйства Российской Федерации совместно с АНО «Диалог Региона» в рамках реализации федерального проекта «Формирование комфортной городской среды» и ведомственного проекта Минстроя России по цифровизации городского хозяйства «Умны город» в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет» создана единая федеральная платформа для онлайн – голосования по выбору общественных территорий, планируемых к благоустройству в 2022 году (далее – Платформа).

# Всероссийский конкурс молодежных проектов объявило о запуске регистрации!

С целью вовлечения молодежи в творческую деятельность и социальную практику, повышения гражданской активности, формирования здорового образа жизни и раскрытия потенциала молодежи, а также создания эффективной системы социальных лифтов для самореализации молодежи Федеральное агентство по делам молодежи объявило о запуске регистрации на заочный Всероссийский конкурс молодежных проектов среди физических лиц.

Грантовый конкурс молодежных инициатив входит в линейку проектов АНО «Россия – страна возможностей».

Конкурс проводится в соответствии с основными направлениями государственной молодежной политики. Особое внимание уделяется молодежным проектам в сферах добровольчества, здорового образа жизни и спорта, патриотического воспитания, культуры и творчества, студенческих инициатив, а также молодежных медиа.

Прием заявок на Грантовый конкурс завершится 7 апреля 2021 года. Физическое лицо (возрастная категория: от 14 до 30 лет) вправе представить не более одной заявки, содержащей один проект в одной из номинаций. Максимальный размер гранта 2,5 млн. рублей.

Дополнительную информацию можно получить по телефону 8(8722) 69-22-42, отдел по работе со студенческой и трудящейся молодежью Минмолодежи РД.

# Стартовал прием заявок для участия в проекте «Местные инициативы»



Министерство экономики и территориального развития Республики Дагестан сообщает о старте приема заявок для участия в конкурсном отборе проектов местных инициатив.

Участвовать в конкурсе могут не только муниципальные районы и городские округи, но и сельские (городские) поселения республики. Главное условие – обеспечение софинансирования проекта из бюджета муниципального образования и за счет средств меценатов.

Проект «Местные инициативы» реализуется в Республике Дагестан четвертый год. Цель – поддержка органов местного самоуправления и населения в решении наиболее актуальных проблем развития общественной инфраструктуры.

В этом году в условия реализации проекта внесены изменения. Подготовлен проект постановления Правительства Республики Дагестан от 25 апреля 2016 года № 110 «О внесении изменений в постановление Правительства Республики Дагестан», который предусматривает сокращение предельного количества заявок от сельских поселений до одной заявки и предельного количества заявок, которые могут быть представлены в целом по муниципальному району до восьми заявок.

Кроме того, предусмотрено ограничение участия в проекте внутригородских районов Махачкалы и сокращение срока завершения приема заявок до 15 мая 2021 года.

Форма заявок и необходимые справочные материалы размещены на сайте.

Прием заявок осуществляется нарочно по адресу: г. Махачкала, ул. Абубакарова, 67 (здание Минэкономразвития РД).

**Пресс-служба Минэкономразвития РД**

# Ансадерил руччабазулгун дандчIвай



Араб анкьалда райадминистрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадовгун дандчIвана Унсоколо росулъа рукъзал чIукIун унел ругел руччаби. Гьедин ругел рукъазабахъа гIадамал нахъе рахъинариялъул суал борхун букIана гьеб дандчIваялда.

Районалъул бетIерас дандчIвазе рачIаразда бицана гьеб суалалда тIад хIалтIулел ругин, цо минуталъги гьеб кIочон гьечIин. «Дун щвана Унсоколове, рихьана гьел рукъзал, гьединаб хIалалда ругел кIочон тун гьечIо, бичIчIула нужеда бугеб хIал. Кутакалда хIинкъи бугеб хIал буго гьениб. Гьединлъидал гьеб суалалъул дица бицана республикаялъул нухмалъулев С. Меликовасда. ГьабсагIаталда гьеб суал жигаралда тIубазабулеб буго, бакIарун буго кинабго хIажатаб документация. ТIаса рищун руго кьварилъи ккаразе рукъзал разе ракьал, гьезулгун лъай-хъвай гьабулеб буго кьварилъиялда ругезулгун. Кьокьго абуни хIалтIи унеб буго гьелда хурхун»,-ян тIадчIей гьабуна ГI. НурмухIамадовас.

Гьединго гьес бицана С. Меликовас гьеб суал кодохъ босун бугин, гьединго кIвар кьолеб бугин лъелъ гьанкъарал ракьазухъ гIарац кьеялде. Гьедин чIараб бакIалдаса цебехун шурана кIиябго суал.

ДандчIвараз лъай-хъвай гьабуна документация хIадуриялъул бугеб хIалалъулгун ва бетIерасе ракIракIалъулаб баркала кьуна хIаракатаб ва пайда кьолеб хIалтIухъ.

# Школазда хинаб квен чIезабиялъе семинар-практикум



I8 марталда районалъул актовияб залалда букIана «Унсоколо район» МОялъул лъай кьеялъул организациязда хинаб квен кьеялъул» рахъалъ семинар-практикум.

ДандчIваялда гIахьаллъана бетIерасул зам. ГI-М. МухIамадов, лъай кьеялъул отделалъул нач. Къ-М. ХIасанов, отделалъул хIалтIухъаби, школазул директорал, гьединго школазул медсестрабиги.

Лъай кьеялъул учреждениязда квен чIезабиялъул рахъалъ нормативиябгун правовияб хьезариялъул бицана Шамилькъалаялъул гьоркьохъеб школалъул директорасул зам. А. МухIамадгIалиевас. Гьес тIадчIей гьабуна хинаб квен кьеялъул нормативияб базаялда рекъон сахаб, киналго пайдаял жал гьоркьоре рачараб букIине кколин гIолеб гIелалъе кьолеб квен,-абун. Гьединго хIисабалде босун буго кколезе диетическияб квен чIезабизе. Гьес бицана Шамилькъалаялъул школалда хинаб кванил нормативиябгун ихтияралъулаб база чIезабиялъе гIемераб хIалтIи гьабунин, гьединго бицана ругел захIмалъабазул, гьел гIумроялде рахъинариялъе ресалги рихьизаруна.

Гьенибго «ЦIалдохъаби битIун кваназариялъул культураялъул ва къагIидабазул» бицана Балахьуни гьоркьохъеб школалъул МКУялъул директор М. АхIмаднабиевас, кванил качествалда хадуб хал кквеялъул - М-ХI. ГIабдурахIмановас.

# Баркала – нухмалъиялъе

Гьал къояз дихъе рачIун рукIана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, бетIерасул зам. ГIабдулмутIалим МухIамадов, лъай кьеялъул отделалъул нухмалъулев КъурамухIамад ХIасанов. Гьез дида баркана ихдалил праздник – 8 Март.

Нижер дандчIваялда ккана пайдаяб гара-чIвариги. Дица бицана араб заманаялъул, нижер гIелалъ хIалтIи гIуцIун букIараб куцалъул. ТIаде рачIараз бицана жакъасеб къоялъул масъалабазул, гьел гIумроялде рахъинариялъе жидецаго гьарулел ругел тадбиразул.

Бокьун буго ГI. НурмухIамадовасе ва цогидазеги кIудияб баркала кьезе дир гIумрудул саназул адаб гьабун, дир захIматалъул гIумроялъе кьимат кьун, дида аскIоре рачIине жидер кIудияб хIалтIуда гьоркьосан заман батаралъухъ.

ДандчIваялда дида ГI. НурмухIамадов вихьана хъулухъалдаса чIухIи гьечIев, гIамал кIодолъи гьечIев нухмалъулевлъун. Тавпикъ кьеги гьесие хадубккунги район цебетIезабизе ва гьелъул гIадамазул тIалаб гьабулеб ишалъулъ. Дие гIоло гьез бахъараб хIетI Алжан бакьулъ чIезе хъван батаги!. Биччанте, нилъер нухмалъиялъул сапарал кидаго Аллагь разиял, гIадамазе пайда бугеллъун рукIине.

**СалихIат БАДАЕВА.**
**Рихьуни росу,**
**захIматалъул ветеран.**

Саназде рахинчIел лъималазул комиссиялда

# Паспортал заманалда росизе ккола



I8 марталда районалъул администрациялда букIана муниципалитеталъул школазул директорал гIахьал гьарураб саназда рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул комиссиялъул иргадулаб гуреб заседание. Аслияб суаллъун гьенибе босун букIана саназде рахинчIел лъималазул эбел-инсул жиндир заманалда лъималазул паспортал тIалаб гьарунгутIиялъухъ гьарурал административиял протоколал гьоркьор лъей. Заседание бачана комиссиялъул пред. М. ХIамзатовас.

Данделъиялда кIалъалаго М. ХIамзатовас бихьизабуна I4 сонил гIумроялде рахарал лъималазе жиндир заманалда паспортал щвеялъе хIалтIи гьабичIел эбел-инсуда араб соналда протоколал гьарун рукIинчIин. «Амма 202I соналъул байбихьуда гьединазда тIад гьарурал административиял делаби гьанжеялдего 20 ялде рахун руго, гьезде гIайибги гIунтIизабун буго жиндир заманалда лъималазе паспортал щвеялъе хIалтIи гьабунгутIиялъул. Нижеца гIемер лъазабуна гIадамазда 30 кьойил болжалалда I4 сонил гIумроялда ругел лъималазе паспортал щвеялъе жанире документал кьезе кколин. Гьедин гьабичIони штраф бахъула»,-ян бихьизабуна М. ХIамзатовас.



Гьедин РФялъул Правительствалъул I997 соналъул 7 июналда къватIибе бачIараб «РФялъул гIадамазул паспорталъул хIакъалъулъ Положение тасдикъ гьабиялъул ва РФялъул гIадамазе паспорт кьеялъул образецазул бланка хъваялъул хIакъалъулъги бугеб хIукмуялда рекъон, паспорт ккола Россиялъул Федерациялъул территориялда гIадамасул личность бихьизабулеб документ. Гьеб букIине ккола РФялъул территориялъул I4 сонил гIумроялде рахарал киналго гIадамазул.

Паспорт босиялъе ва хисиялъе гражданас документал ва жиндирго сурат кьезе ккола паспорт щвелалде 30 кьоялъ цебе.

Заседаниялда унтун рукIиналдалъун гьел жанире кьечIел гIадамазда лъазабун тана, гIилла гьечIого заман биччан таразул штраф бахъизе бихьизабуна.

Ахиралда М. ХIамзатовас цIидасан хитIаб гьабуна саназде рахинчIел лъималазул эбел-инсуда I4 сон баразул документал заманалда жанире кьеялде гьезул пикру буссинабун. Гьединго школазул директоразда лъазабуна гьел суалал тIуразариялъулъ тасамахIлъи биччаге,-ян.


| | | | |
|---|---|---|---|
| Газета основана 1937 г.<br>УЧРЕДИТЕЛЬ:<br>Администрация Унцукульского района<br>Главный редактор<br>КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД<br>Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.<br>Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции:<br>51373<br>Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3<br>Телефон редактора<br>89896522856<br>sadovoduns@yandex.ru<br>398940 | Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21<br>Подписано в печать - 23. 3. 2021 г. 17.10 фактически -18. 00 мин.<br>.......................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 988 экз. |